

**Kanzuru Yezvekudzivirirwa Kwenyika**  
(Security Council)

Distr.: General  
31 Gumiguru 2000

---

## **Chibvumirano 1325 (2000)**

### **Chakagamuchirwa neKanzuru Yezvekudzivirirwa Kwenyika pamusangano wayo wechi4213 musu wa31 munaGumiguru gore ra2000.**

#### Kanzuru Yezvekudzivirirwa Kwenyika

*Ichirangarira* zvibvumirano zvayo zvinoti: 1261 (1999) chemusi wa25 munaNyamavhuvhu mugore ra1999, 1265 (1999) chemusi wa12 munaGunyanana mugore ra1999, 1296 (2000) chemusi wa19 munaKubvumbi mugore ra2000 ne1314 (2000) chemusi wa11 munaNyamavhuvhu mugore ra2000, uyezve mashoko akataurwa nemukuru weKanzuru pamusoro pezvibvumirano izvi, uyezve *ichirangarirawo* mashoko akataurwa neMukuru weKanzuru kuvatori venhau pazuva reMubatanidzwa Wenyika Dzepasi Pose reKodzera dzeMadzimai neRunyararo rwePasi Pose (Zuva Remadzimai ePasi Pose) remusi wa8 munaKurume mugore ra2000 (SC/6816) (United Nations Day for Women's Rights and International Peace [International Women's Day]),

*Ichirangarirawozve* zvakatsidziranwa muChinyorwa chekuBeijing neKubatwa kweBasa reKuunza Shanduko (A/52/231) (Beijing Declaration and Platform for Action) uyezve kuzvipira kuri muchinyorwa chezvaburitswa pamusangano wakasanangurika wechi33 weGungano reMubatanidzwa weNyika Dzepasi Pose (Special Session of the United Nations General Assembly) chine musoro unoti "Madzimai 2000: Kuenzaniswa kweMadzimai neVarume, Mabasa eZvekubudirira neRunyararo Musenjuri yechi21" (A/S-23/10/Rev.1), zvikuru munyaya dzezvemadzimai nezvehondo,

*Ichirangarirawo* zvakare zvinangwa nezviteverwa zvechisungu (charter) cheMubatanidzwa weNyika dzePasi Pose nebasa guru reKanzuru yeZvekudzivirirwa Kwenyika riri pasi pechisungu chekuchengetedzwa kwerunyararo nerugare Pasi Pose,

*Ichitsanangudza* chichemo chekuti vanhu, zvikuru madzimai nevana ndivo vevazhinji vanonyanya kuwirwa nematambudziko munguva yehondo sevapoteri uyezve sevanhu vanotamiswa kubva kumisha yavo, zvakare ndivo vanonyanya kurwiswa nevarwi nevamwe vanogara nezvombo zvekurwisa uyewozve takatarisa matambudziko anozokonzerwa neizvi pakutsvaga runyararo nekuregererana,

*Ichitsigira* kukosha kwebasa remadzimai panyaya dzekudzivirirwa nekugadziriswa kwegakava nekuunzwa kwerunyararo, uye *ichisimbisa* kukosha

kwekusi vabate basa munyaya iyi zvakaenzanirana nevarume pakuedza kwose kunoitwa kuchengetedza nekukuridzira nyaya dzezverunyararo nekuchengetedzwa kwenyika uye kuti madzimai vanofanira kupiwa mukana wakakura pane zvekuchengetedzwa nekugadziriswa kwegakava,

*Ichitsigirazve* kushandiswa kwakakwana kwemutemo wekodzero dzevanhu wekuchengetedzwa kwekodzero dzemadzimai nevasikana panguva yekurwisana nepashure pekunge hondo yapera,

*Ichisimbisa* kuti mapato ose anofanira kupa chitsidzo chekubvisa zvimbambaira uye kudzidzisa vanhu nezvezvimbambaira achicherechedza matambudziko anowira madzimai nevasikana,

*Ichigamuchira* kuti nyaya dzezvekuyenzaniswa kwemadzimai nevarume dzinofanira kupinzwa mumabasa ekuchengetedza runyararo, *yakatarisa* mashoko akawiriranwa kuWindhoek neChirongwa cheKuita Basa Chakatsidziranwa kuNamibia panyaya yekupinzwa kwenyaya dzezvekuyenzaniswa kwemadzimai nevarume uyewo nezvenzira dzakasiyana-siyana dzekuchengetedzwa kwerunyararo (S/2000/693) (Windhoek Declaration and the Namibia Plan of Action on Mainstreaming a Gender Perspective in Multidimensional Peace Support Operations),

*Ichigamuchirawo* kukosha kwemazano akapiwa mumashoko akataurwa neMukuru weKanzuru kuvatori venhau musi wa8 Kurume 2000 pamusoro pekukosha kwekudzidziswa zvakatsanangurika kwevanhu vose vanoita basa rezvekuchengetedza runyararo panyaya yekudzivirirwa nekuchengetedzwa kwemadzimai nevasikana vari kurarama munzvimbo dzine gakava nehondo, kodzero dzavo uye zvinodikanwa,

*Ichigamuchirawo* kuti kunzwisisa matambudziko anowira madzimai nevasikana munguva yehondo uye kurongeka pane zvekuchengetedzwa kwavo nekupiwa kwavo mukana wakazara mumabasa ekuchengetedza runyararo, zvinogona kubatsira munyaya dzekuchengetedza runyararo nekudzivirirwa kwenyika,

*Yakatarisa* kukosha kwekuunganidza umboo hunotsigira matambudziko anowira madzimai nevasikana munguva dzehondo,

1. *Inokurudzira* nyika dziri mumubatanidzwa kuti dzione kuti pave nekuwedzerwa kwekumiririrwa kwemadzimai nemadzimai pamatanho ose ekuita sarudzo anosanganisira mukati menyika yavo, murijeni nepasi rose nemunzira dzose dzekudzivirirwa, kugadziriswa nekupedzwa kwegakava kana hondo;
2. *Inokurudzira* Munyori Mukuru (Secretary General) kuti ashandise urongwa hwemashandiro ebase (Strategic Plan of Action) (A/49/587) hunokurudzira kuwedzerwa kwekubata kwemadzimai panyaya dzekupedzwa kwegakava kana hondo nepanyaya dzeukuunza runyararo;
3. *Inokurudzira* Munyori Mukuru kuti awedzere nhamba yemadzimai anopiwa mabasa ekumumiririra, pane izvozvi inokurudzira nyika dziri mumubatanidzwa kuti dzipe mazita mazhinji emadzimai kuMunyori Mukuru kuti aiswe pane mazita evanhu vanotumwa kuti vamumiririre

mumabasa erubatsiro, mazita acho achizofanira kuramba achiongororwa nekuwedzerwa;

4. *Inoenderera mberi kukurudzira* Munyori Mukuru kuti atore matanho ekuwedzera mabasa anoshandwa nemadzimai ari kunze kwemahofisi eMubatanidzwa weNyika Dzose, zvikuru mabasa ekushanda sevaongorori vanoona nezvebasa revarwi, chipurisa, vashandi vezvekodzero dzevanhu uyewo vashandi vanoita mabasa ekubatsira vanhu vanenge vawirwa nematambudziko;
5. *Inozivisa* chido chayo chekupinza nyaya dzezvekuyenzaniswa kwemadzimai nevarume mune mabasa ezvekuchengetedzwa kwerunyararo, uye inokurudzira Munyori Mukuru kuti atore matanho ekuti pave nekuenzaniswa kwemadzimai nevarume mumabasa ari kunze kwemahofisi emubatanidzwa;
6. *Inokumbira* Munyori Mukuru kuti ape nyika dziri mumubatanidzwa dzidziso uye zvekushandisa mumabasa ekudzivirira nyika, munyaya dzekodzero uye dzematambudziko anowira madzimai, uyewo zvekukosha kwekurangarira madzimai mumabasa ose ekuchengetedza runyararo, *inokoka* nyika dziri mumubatanidzwa kuti dzipinze nyaya idzi uye dzichisanganisirawo nyaya dzezveutachiona nechirwere chemukondombera muzvidzidzo zvadzo zvemapurisanje uyewo mapurisa echiuto apo vanogadzirira kuenda kunyika dzavanotumwa, uye *inokumbirawo* kuti vamwe vashandi vose vasinei nechiuo vapuwewo dzidziso iyi;
7. *Inokurudzirawo* nyika dziri mumubatanidzwa kuti dziwedzere rubatsiro rwadzo rwemari, zvekushandisa nemashandisirwo azvo mukudzidziswa kwekunzwisisa nyaya dzekuenzaniswa kwemadzimai nevarume zvichisanganisira mabasa anoitwa nemapato akaita seHomwe yeMubatanidzwa weNyika Dzose weMadzimai (United Nations Fund for Women) neHomwe yeMubatanidzwa weNyika Dzose weVana (United Nations Children's Fund) uyewo Hofisi yeMukuru WeMubatanidzwa weNyika Dzose anoona nezvenyaya dzevapoteri nemamwewo mapato (Office of the United Nations of the High Commissioner for Refugees);
8. *Inokumbira* vanhu vose vanobata nezvenyaya iyi kuti apo vanoita hurukuro nekudzika zvibvumirano zvenyaya dzerunyararo, varangarire nyaya dzekuenzaniswa kwemadzimai nevarume mumabasa avo sekudai;
  - (a) Zvinodikanwa zvikuru nemadzimai nevasikana pakudzoserwa kumusha kwavo nekubatsirwa kwavo kuti vagone kuvakazve upenyu hwavo pashure pehondo kana gakava;
  - (b) Matanho ekutsigira mabasa anotangwa nemadzimai mukuedza kutsvaga nzira dzekupedza gakava uye matanho anopinza madzimai munzira dzose dzekushanda nekudzikwa kwezvibvumirano zvinenge zvawiriranwa;

- (c) Matano ekuona kuti kuchengetedzwa nekuremekedzwa kwekodzera dzemadzimai nevasikana kwaitwa, zvikuru panyaya dzekonisitichusheni (constitution), dzekuvhota mune zvevatongerwo enyika, dzemapurisa nemirairo;
9. *Inokumbira* mapato ose muhondo kuti aremekedze murairo wepasi pose (International law) wezvekodzera nekuchengetedzwa kwemadzimai nevasikana zvikuru sevanhu vasiri varwi sezvakatarwa kumusangano wekuGeneva (Geneva Convention) mugore ra1949 nematanho mamwe anotevedzerwa (Additional Protocols) mugore ra1977, Musangano wehupoteri (Refugee Convention) mugore ra1951 nematanho anotevedzerwa (Protocol) mugore ra1967, Musangano wekubviswa kwose kwekudzvanyirirwa kwemadzimai wemugore ra1979 nematano asingamanikidzirwe kutevedzera (Optional Protocol) mugore ra1999 neMusangano weMubatanidzwa weNyika Dzose wezvekodzera dzevana wakaitwa mugore ra1989 nematanho maviri asingamanikidzirwe kutevedzerwa (Optional Protocols) akazotevera musi wa25 muna hivabvu mugore ra2000, vachirangarira mitemo yepasi pose yezvemakoti yedzimhosva ekuRoma (Rome International Court of Criminal Law);
10. *Inokumbira* mabato ose muhondo kuti atore matanho ekuchengetedza madzimai nevasikana kubva mukurwiswa kwakaringana nehukadzi hwako zvikuru kubhinywa nekumwewo kurwiswa kunowira madzimai nevasikana munguva yehondo;
11. *Inosimbisa* kuti nyika dzinofanira kurwisana nekupedza nyaya dzeutsinye nekusunga nekupa mhosva avo vanoita umhondi vachirakasha vanhu vazhinji neavo vanopara mhosva dzimwe dzakanangana nevanhu dzinosanganisira mhosva dzeubhinya nekurwiswa kwemadzimai nevasikana asi vasinganganisire nyaya dzekuregererwa nekusunungurwa kwevasungwa kana avo vanenge vapara mhosva;
12. *Inokumbira* mapato ose muhondo kuti aremekedze nzvimbo dzose dzinogara vapoteri senzvimbo dzinogara vanhu vasiri varwi vachirangarira matambudziko emadzimai nevasikana kusanganisira anokonzerwa nemasikirwo avo uye vachirangarira chibvumirano 1208 (1998) chemusi wa19 Mbudzi 1998 uye chibvumirano 1296 chemusi wa19 Kubvumbi 2000;
13. *Inokurudzira* avo vose vanoshanda mune zvekutorwa kwezvombo zvekurwisa kubva kuvarwi nekudzoswa kwevarwi kuti vagare pakati pevanhu, kuti vasakanangwe zvinodikanwa nevarwi vechikadzi nevechirume uye zvinodikanwa nemhuri dzavo;
14. *Inotsividzazve* kuti yakagadzirira kuti kana matanho ari pasi pemashoko (Article) echi41 echitsidzo cheMubatanidzwa weNyika Dzose (United Nations Charter) achinge atevedzerwa, vacharangarira

nekubatsira mumatambudziko anogona kuwira vanhu pachionekwawo kuti madzimai nevasikana vapiwawo rubatsiro runokodzera;

15. *Inotaura* kuti inobvumira kuti mamisheni ayo ari munyika dzakasiyana-siyana ezvekudzivirirwa nekuchengetedzwa kwevanhu arangarire nyaya dzekuenzaniswa kwemadzimai nevarume nekodzero dzemadzimai zvichisanganisira kuita hurukuro nekubatirana pamwechete nemapato emadzimai emunyika idzodzo uye epasi pose;
16. *Inokoka* Munyori Mukuru kuti aite risechi yekuongorora matambudziko anowira madzimai nevasikana, basa rinoitwa nemadzimai pakutsvaga runyararo uye panyaya dzose dzezvekuenzaniswa kwemadzimai nevarume mune zvekuunza runyararo nekupedza gakava, *inokokawozve* Munyori Mukuru kuti ape ripoti kuKanzuru yeKudzivirirwa kweNyika pamusoro pezvinenge zvawanikwa mukuongorora uku uye nekupa mukana kunyika dziri mumubatanidzwa kuti dzigonewo kuverenga ripoti iyi;
17. *Inokumbirawo* Munyori Mukuru, pazvinenge zvichiita, kuti ataure muripoti yake yekuKanzuru yeKudzivirirwa kweNyika mafambiro ebasa rezvekuenzaniswa kwemadzimai nevarume mumamisheni ayo ose ezvekuchengetedzwa kwerunyararo uye nemunyaya dzose dziri pamusoro pemadzimai nevasikana;
18. *Inosarudza* kuramba yakashinga panyaya iyi.